Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ



№ 11 (6177)
6-ФЕВРАЛЬ
1990 ЖЫЛ
ШИШЕМБИ

Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАН ЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИНИҢ ПЛЕНУМЫ АШЫЛДЫ

5 февральда Москвада КПСС Орайлық Комитетиниң гезектеги Пленумы өз жумысын баслады. Онның қарап шығыўына партияның XXVIII съездине КПСС Орайлық Комитети платформасының жойбары усынылды. Бул мәселе бойынша КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары М. С. Горбачев доклад жасады.

ТАСС.

ПАРТИЯ ХОЖАЛЫҚ АКТИВИНИҢ ЖЫЙНАЛЫСЫ

2 февральда Нөкисте автономиялы республика партия-хожалық активиниң жыйналысы болды. Жыйналыс қатнасыўшылары автономиялы республиканы 1989 жылда экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыўдың мәмлекетлик планының орынланыўының жуўмақларын ҳәм Өзбекстан ССР, Қарақалпақстан АССР халық депутатларын ҳәм жергиликли Советлерге депутатлар сайлаўға Өзбекстан Компартиясының, областьлық партия шөлкеминиң платформаларын иске асырыў бойынша партия, совет ҳәм хожалық органларының ўазыйпаларын додалады. *Қарақалпақстан АССР Министрлер* Совети Председателиниң биринши орынбасары Н. В. Мачтаков доклад жасады.

Докладты додалаўға «Ресагрострой» өндирислик бирлеспесиниң начальниги Ж. Суюнов, «Қарақалпақагроспецстрой» өндирислик бирлеспесиниң бас директоры А. У. Пяк, халық депутатлары Беруний қалалық Совети атқарыў комитетиниң председатели Г. Д. Садиров, балық санааты Мойнақ өндирислик бирлеспесиниң бас директоры Т. Генжемуратов, Тахтакөпир районлық партия комитетиниң екинши секретары В. Т. Нурмухамедов, Қарақалпақстан АССР халыққа турмыс хызметин көрсетиў министриниң орынбасары С. Жанназаров, Хожели районлық халыққа турмыс хызметин көрсетиў өндирислик басқармасының директоры Т. Ибрагимов, халық депутатлары Төрткүл қалалық Совет атқарыў комитетиниң председатели А. Бекчанов, Маңғыт майдалаў-сортлаў заводының директоры Р. Юлдашев, Қарақалпақстан автомобиль жоллары өндирислик бирлеспесиниң начальниги Қ. Дәўлетияров, халық депутатлары Ленинабад районлық Совет атқарыў комитети председателиниң биринши орынбасары Б. Сейтимов қатнасты.

Жыйналыста Өзбекстан Компартиясы обкомының *екинши секретары В. Ю. Зорин жуўмақлаў сөз сөй*леди.

Жыйналыс қатнасыўшылары додаланған мәселе бойынша кеңейтилген резолюция қабыл етти.

Жыйналыстың жумысына Өзбекстан Компартиясы обкомының бюро ағзалары ҳәм ағзалығына кандидатлар Т. А. Ешимбетова, О. Қуңназаров, К. Реджепов, А. Х. Тәжиев, Ә. Тәжибаев, Ш. Салиев қатнасты.

Жыйналыстың жумысына сондай-ақ Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң инструкторы М. Т. Хожаниязов қатнасты.

(Партия-хожалық активи жыйналысының жумысы ҳаққында кең түрдеги есап баспа сөзде жәрияланады).

(ӨзТАГ тың Қарақалпақстандағы бөлими).



Шымбай районының «Октябрьдиң 40 жыллығы» совхозы устаханасында аўыл хожалық техникаларын баҳәрги егиске таярлаў бойынша қызғын жумыс жүргизилип атыр. Ремонтшыларға жақсы шараятлар туўдырылған бүгинги күнге шекем устаханада бар плугтың 95,5 проценти сапалы ремонтланды. Бул жумыста (сиз көрип турған сүўреттеги) слесарь Төребақый Алламуратов өзиниң искерлиги менен көзге түспекте.

Б. АЛЛАШЕВтың түсирген сүўрети.

В. И. Ленин атындағы совет балалар фондының Қарақалпақстан республикалық бөлиминиң ҮНДЕЎИ

Қәдирли жолдаслар!

Бүгинги күни исти түптийкарынан революциялық қайта қурыў жаңадан-жаңа күшлерге ийе болып атыр. В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының дүзилиўи ҳәм оның союзлық ҳәм автономиялы республикалардағы, крайлардағы ҳәм областьлардағы бөлимлери совет жәмийетиниң руўхый күшин, адамлардың материаллық қурғынлығын, мийнет коллективлериндеги аналық ҳәм балалыққа қызығыўшылығын, олардың жетим балаларға, майып балаларға, басына қайғылы ис түскен балаларға жәрдем бериўин жәмлестиреди.

Бизлердиң мақсетимиз бизиң елимизде жалғыз баслы ҳәм бахытсыз балаларды болдырмаў.

Бизиң автономиялы республикамызда да В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының Қарақалпақстан республикалық бөлими өзине жүкленген жумысларды ислеп атыр. Ол кең халық массасын балаларды қорғаўда басламалар көтериўге ҳәм мийирманлы болыўға шақырады. Бизлер республикалық денсаўлықты сақлаў министрлиги менен бирге балаларды ҳәм аналардың денсаўлығын қорғаў бойынша Нөкистен жаңа туўылғанларды саламат сақлаў орайын аштық, ол жаңа туўылғанларды өлиўшиликтен сақлаў ушын жәрдем береди.

В. И. Ленин атындағы совет балалар фондының күши менен ҳәр жылы жазда ҳәм гүзде Қазақстан ҳәм Орта Азия, соның ишинде Қарақалпақстанға балаларды өлимнен сақлаў ҳәм олардың өмирин сақлаў бойынша гүрес жүргизиў ушын елимиздиң ең жақсы медицина сақшылары жиберилип, олар қаржы менен тәмийин етилип атыр.

Олардың күши менен автономиялы республикамызда еки жылдан бери В. И. Ленин атындағы балалар фондының арнаўлы исеними менен келген үш врач ислеп атыр, олар бизде балалардың өлими еле де көп болыўына қарамастан, оны азайтыўға өзлериниң анағурлым сезилерли дәрежеде үлесин қосты. Олар өзлериниң жоқары дәрежели кадрлар екенин көрсетип атыр. Совет балалар фондының Қарақалпақстан республикалық бөлими елимиздиң басқа жерлериндегидей жетим балаларға, ғамхорлықтан айрылған балаларға, ата-анасыз балаларға жәрдем бериў бойынша өзиниң кең программасына ийе. № 707 есапқа республикамыздың граждანларынан ҳәм мийнет коллективлеринен өз ерки менен салынған қаржылар келип түсип атыр. Бүгинге шекем келип 86 мыңға жақын қаржы түсти. Солардың ишинде әсиресе мына коллективлерди атап көрсетсек болады. Олардан, «Аралводстрой» бирлескен арнаўлы қурылыс коллективи—3000, Тақыятас ГРЭСи—2540, «Узгипросельстрой» институтының филиалы—1560, «Узградстрой» бирлескен үй соғыў өндирислик комбинаты 1514, «Бахыт» кооперативи мың манат өткерди. Булардан басқа да автономиялы республикамыздың өндирис ҳәм қурылыс шөлкемлери бар.

1989 жылдың ақырында «Қарақалпақстан» баспасы «Бахытлы балалық» деген қосықлар топламын шығарып, оған қосықлары кирген жазыўшы ҳәм шайырлар өз ерки менен қәлем ҳақысын балалар фондына өткерди, бул 3000 манатты қурады.

Шымбай районының мийнеткешлери де үлкен граждანлықтың үлгисин көрсетти, олар есапқа 3300 манат, Кегейли районы—920 манат өткерди. Төрткүл, Шымбай ҳәм Хожелиниң мешит иймамлары да № 707 есапқа ақша өткерип өзлериниң үлеслерин қосты.

1990-жылдың 7-8 январь күнлери Москвада болып өткен «Доброе сердца» Телемарафоны ўақтында совет балалар фондына СССР дың 50 жыллығы атындағы ремонтлаў заводының коллективинен бир ярым мың манат ҳәм № 364 МСПМК коллективинен 2000 манат келип түсти.

Республикамыздың оқыўшылары менен оқытыўшылары, оқыў орайларының хызметкерлери, граждანлар, мийнет коллективлери балаларды қорғаўға өз үлеслерин қосып атыр.

Ҳәзирги ўақытлары автономиялы республикамызда басқа да барлық еллер сыяқлы семья типиндеги балалар үйин салыў, қурылыс жумыслары ушын қайырхомлық билетлерин алып атыр. Соннан Нөкисте 12,5 мың манат жумсалды. Нөкис қаласының оқыўшылар ҳәм оқытыўшыларына сол билетлерди алғаны ушын үлкен алғысымызды айтамыз. Әжинияз атындағы мектептиң коллективи мың манат, К. Маркс атындағы мектептиң коллективи 1300 манатлық билетлерди алды.

Тақыятас қаласының мийнеткешлерине миннетдар шылығымызды билдиремиз. Олар 12 мың манатлық қайырхомлық билетин сатып алды. Сондай-ақ Беруний ҳәм Шоманай районы да көп билет алды.

№ 707 есапқа келип түскен қаржы яки қайырхомлық билетинен түскен ақшалар майып балаларға, жетим балаларға, ғамхорлығынан айрылған балаларға, балалардың денсаўлығын жақсылаў мәкемелериниң материаллық базасын жақсылаўға, балалар ушын семья типиндеги үйлердиң қурылысларына, балалардың өмирин сақлаўға жумсалады.

Балалардың жақсы жасаўы ушын семьяның хызмети уллы. Балалар фонды елимизде социаллық ҳәм экономикалық проблемаларды, бир-бирине байланыслы ҳәм ғәрезли сиясий проблемаларды шешиў керек деп есаплайды. Булар әсиресе көп балалы үйлерге, жас семьяларға, сондай-ақ майып баласы бар үйлерге айрықша кеўил бөлиўди нәзерде тутады.

Ҳәр бир семьяны, мийнет коллективлерин, оқыў орынларының коллективлерин, творчество хызметкерлерин, В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының Қарақалпақстан республикалық бөлимине өз еркиңиз бенен № 707 есапқа, турақ жай социаллық банкиниң барлық бөлимшелерине, аманат-сақлаў банкисиндеги «Қайырқомлық билетлерин» алыўыңызға, депутат корпусларындағы барлық депутатларды хызмет көрсетиўге шақырамыз!

Балалардың жүреги үлкенлердиң ғамхорлығына ҳәм меҳрине зәрүр екенин умытпаңыз!

Егер сиз өзиңиздиң социаллық активлигиңизди көрсеткиңиз келсе ҳәм ҳақыйқат ийгиликли иске қол урғыңыз келсе—В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының жумысына белсене қатнасыңыз!

Бизиң адрес; ин: 742010. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан АССР ы. Калинин көшеси, 62 жай.

В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының Қарақалпақстан республикалық бөлиминиң басқармасы.

Телефонлар; 4—19—42, 4—15—61.

АГИТБРИГАДА ЖОЛҒА ШЫҚТЫ

ӨзССР ҳәм ҚҚАССР халық депутатлығына ҳәм жергиликли советлерге сайлаўларға комсомол комитетлери де қызғын таярланып атыр. 28 жасқа шекемги жаслар арасында ӨзССР халық депутатлығына 4, ҚҚАССР халық депутатлығына 35 кандидат бар, соның 25 ВЛКСМ ағзалары. Олардың он бесин қалалық, районлық комсомол комитетлери усынды.

ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомының бир қатар мәпдар министрликлер ҳәм ведомстволар менен шөлкемлестирген «Қарақалпақстан комсомолы» агитбригадасының баслы жумысларының бири—сайлаўлар алдынан депутатлыққа кандидатларға, сайлаўшыларға жәрдем көрсетиўден ибарат. Сондай-ақ, агитбригада районлық комсомол комитетлериниң қәўендерликке алған фермаларында болып, шарўаларға өз программаларын усынады.

Дәслепки маршрут Шымбай районынан басланып, ол барлық районлар бойлап өтеди.

БИЗИҢ КАНДИДАТЛАРЫМЫЗ

Байрамгүл Аразова



Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына № 112 Киров сайлаў округинен кандидат етип ВЛКСМ ағзасы Аразова Байрамгүл Ағажановна көрсетилген. Байрамгүл Аразова 1964 жылы туўылған. 1978-жылдан ВЛКСМ ағзасы. Миллети түркмен. 1981-жылы орта мектепти питкерип, пахтакеш болып ислеп атыр. Турмыс қурған, үш баласы бар.

Аўылда туўылып, жабайлы жер турмысының барлық тәшўишлерин басынан кеширип киятырған Байрамгүлдиң сайлаў алды платформасы толығы менен аўыл мийнеткешлериниң мүддәҳәсин нәзерде тутқан.

«Бизде ҳаял-қызлар, балалар арасында кеселлениўшилик көп. Буның себеплери қайта қурыў дәўиринде ғана мәлим бола баслады. Арал теңизиниң 54 процент суўының қурып қалыўына байланыслы үлкемизде жүз берген экологиялық жағдай, нешше жыллар даўамында адам қолы менен зәҳәрленген суўды ишип, палыз, овощ, мийўе өнимлерин жеп келиўимиз ең алды менен аналардың ден саўлығын бузды ҳәм бул бизиң даўамымыз болған балалардың саламатлығына жүдә аўыр зыян тийгизди.

«Аўырыўын жасырған аўырмай өледи» деген өмир шынлығына қурылған гәп бар. Солай екен, ендигиден былай «бәри жақсы» —деген өтирик сүренди әшкар етейик, оған қарсы гүресейик! Буның ушын совхозлардың барлық агроучасткаларындағы шала ислеп турған фельдшер-акушер пунктлерин кеңейтип, врачлық-акушер пунктлерине айландырыў керек. Киров атындағы «Правда» совхозларының ҳәм районымыздың басқа да территорияларында табылған жер асты суўларын быйылдың өзинде-ақ аўыз суў ушын пайдаланыўдың жолларын излеп табыў керек. Суўды тазалаўшы үскенелерди де табыўымыз ҳәм краплар аўзына орнатыўымыз шәрт. «Мийўе көздиң қурты» дегендей жаз айларының жемислерин, өнимлерин жемей тура алмайсаң. Бирақ олардың тәркибинде, нейтрат, дуз көп. Нәпсимизге күшимиз жетпей ҳәм билимсизлигимиз себебинен бул жағынан да ден саўлығымызды бузып атырмыз. Соның ушын усы мийўе, палыз, овощ өнимлерин тексерип, оларды жеўге болатуғынын яки болмайтуғынлығын күнделикли айырып туратуғын лабораториялар ислеўи тийис. Әсиресе бундай лаборатория базарда болмағы ҳәм өз өнимин сатыўға келген дийханға усы лабораторияның руксатын [illegible] берилиўи керек.

Аўылдағы мийнеткеш аналар, ҳаял-қызлар қаладағыларға қарағанда социаллық жақтан әдеўир төмен аўҳалда. Биринши ден, қалалылар күнине 8 сааттан ҳәптесине 5 күн мийнет ислейди. Ал, биз пахтакешлер күнниң атыўы менен батыўы деген түсиник бойынша дем алыссыз жумыс ислеп келиўдемиз. Екиншиден, қалалылар өз балаларын бақшалардағы қәнигели тәрбияшыларға тапсырып, арқайын мийнет етеди. Ал, биз жас нәрестелеримизди ересек балаларымызға, кемпир-ғаррыларға нәйилаж таслап кетемиз. Бул әдилсизлик аўҳалды сапластыратуғын ўақыт жетти. Конституциялық ҳуқықымыз тең болғаннан кейин социаллық жақтан да тең болмағымыз керек. Яғный бизиң аўылларымызда да қаладағыдай бақша, яслилер қурылмағы ҳәм олар педагогикалық илим талаплары тийкарында ислеп турсын.

Ҳәмме жерлер егисликке айланып, тоғайлар «бурынғы заманларда» қалды. Жағыўға отын да жоқ. Демек, бизге де тәбийий газ керек. Жақынға дейин жасларды қалаға қашады деп орынсыз айыплап келдик. Аўылда моншa, клуб, дискотека суў жолы ҳәм канализациясына ийе жайлар, айлықлары жақсы, жасларды қызықтыратуғын цехлар, майда өнерментшилик кәрханалары болмағаннан кейин олар әлбетте қалаға кетеди. Бул кемшилик район басшыларының, планластырыў органларының айыбы. Бул кемшиликти дүзетиў керек...

Байрамгүл Аразованың сайлаў алды платформасы аўыл ҳаялларының, жаслардың, пахтакеш ҳәм дийханның социаллық-турмыс жағдайын түпкилнкли өзгертиўге бағдарланған. Ол өзиниң бул платформасын депутат болып сайланған жағдайдағы иске асыратуғын илажларының тийкарғы бағдарлары деп биледи. Биз округ сайлаўшыларын мийнеткеш дийхан, ана ҳәм ҳаял, ВЛКСМ ағзасы Байрамгүл Аразоваға даўыс бериўге шақырамыз.

Ж. САПАРНИЯЗОВ.

Қажымухан Алжанов



Алжанов Қажымухан 1961 жылы туўылған, жаўынгер-интернационалист, ғәлле өнимлери комбинатының юристи, № 19 Темир жол сайлаў округи бойынша Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат болып дизимге алынған.

Пүткил елимиз бойлап қайта қурыў, жәмийетимизде демократия ҳәм жәриялылық ҳәўиж алмақта. Экономикада, халық билимлендириў тараўында халықлар аралық қатнасықларда ҳәм тағы басқаларда көп қарама-қарсылықлар жүзеге келди. Жасыратуғыны жоқ, биз көре-биле тура социалистлик теңлик принциплериниң бузылыўына жол қойдық. Усыған байланыслы Советлерге, партия органларына, комсомол, профсоюз органларына критикалық исенбеўшилик келип шықты.

Мен ВЛКСМ ҳәм КПСС ағзасы болып есапланаман, соның ушын да партия ҳәм комсомол маған бирдей қәдирли. Биринши ден, жәмийетимизди еле де демократияластырыў керек, адамларымыздың экономикалық, сиясий турмыс активлилигин арттырыўымыз керек. Жәмийетимизге билимли, жас кадрлар керек. «Билеги күшли бирди жығады, билими күшли мыңды жығады», деген нақыл халқымызда бийкарға айтылмаған. Екиншиден; жаслардың өз мийнетин, басламасын әмелге асыратуғын бизге күшли механизм яки күш керек.

Биздеги жағдайға қараң, жумыс ислеп ақша табыўға жағдай жоқ, буған айрым инструкциялар, ямаса жумыстың жоқлығы себепли. *Бул ушын мен жаслар орайының дүзилиўине,* саўда да, халыққа хызмет көрсетиўде, халық тутыныў товарларын ислеп шығыў тараўларында ўақытша жаслар мийнет коллективлериниң дүзилиўи ушын гүресемен.

Республикамызда турақ жай мәселеси бул аўыр мәселелердиң бири. Қурылыс материаллары жетиспейди. Жай менен биринши гезекте көп балалы семьяларды, урыс ҳәм мийнет ветеранларының семьяларын, жаўынгер-интернационалистлерди, жас, жоқары оқыў орнын питкерген қәнигелерди тәмийинлеў керек. Жаслар машқаласы— бул жәмийетимиздиң машқаласы. Бул ден саўлықты сақлаў, физикалық тәрбия ҳәм спорт машқалалары. Өзлериңиз ойланып көриң, армия қатарына шақырылып атырған жасларымыз әпиўайы физикалық шынығыўларды орынлап билмейди. Афганстанда физикалық шынықпағанлығы себебинен көп жаслар қурбан болды. Қаламыздың спорт базасын жақсылаўымыз керек.

Қаламызда бирде бассейин жоқ, спорт залларын бармақ бүгип санап шығыўға болады, барлары да толық ислемейди. Ҳәўлилерде жас балалардың ойнайтуғын орынларына автомобиль гаражларын тығып қойыпбыз.

— жаслар инициативасына жәмийетлик мәмлекетлик фонд дүзиўге;

— оператив комсомол дружинашылар отрядларының юридикалық жақтан қорғалыўы;

— турақ жай мәселесин шешиў ИЖК ҳәм МЖСК арқалы, жас семьяларды өз турақ жайларын салыў ушын жәрдем (бул жерде ҳәм материал ҳәм кредит);

— урыс ҳәм мийнет ветеранларының жаўынгер интернационалистлердиң машқалаларын шешиў;

—жасларды физикалық жақтан тәрбиялаўды күшейтиў;

— саўда тараўында тәртипти жақсылаў, халық товарларының әдил бөлистирилиўине ерисиў;

— орта профессионал ҳәм жоқарғы оқыў орынларын демократияластырыў ҳәм гуманизацияластырыў, оқыў орынларын басқарыўда советлерине толық ерк бериў;

— *оқыўшы ҳәм студент жас*ларды юридикалық жақтан қорғаў, шәртнама бойынша студентлердиң жумыс ислеўин еле де жақсылаў;

— оқытыўдың сапасын жақсылаў;

— оқыўшыларға стипендиясын жасаў жағдайына қарап көбейтиў, студентлерге ҳәм студент семьяларына берилген ҳуқықларды кеңейтиў;

Жас илимпазларға ҳәм қәнигелерге елимиздиң белгили оқыў орынларында ҳәм сырт еллерде оқыўға ҳәм стажировкадан өтиўге мүмкиншилик туўдырыў. Мениң баслы платформам усылар.

Жолдаслар! Кимде ким «жаслар—бизиң келешегимиз», ертеңги күн жаслардики деп есапласа, Қ. Алжановқа даўыс бериң!

Роза Қалниязова

Нөкис қаласындағы № 10 Киров сайлаў округи бойынша Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат, республикалық балалар емлеўханасының врач-педиатры. Оның платформасы төмендегише;

Балалар врачы ҳәм ден саўлықты сақлаў тараўының қәнийгеси сыпатында мен Арал бойындағы экологиялық апатшылықтың, экономиканың ҳәм социаллық саланың дәрежесиниң төменлигиниң адамлардың ден саўлығына тәсирин жийи-жийи ушыратаман. Диспансерлестириўдиң нәтийжелери, кеселлениўшиликтиң улыўма жағдайына анализ жасаў—халықтың ден саўлығын сақлаў бойынша иске асырылып атырған илажлардың жеткиликсизлигин көрсетеди.

Усыған байланыслы төмендегидей әмелий илажларды иске асырыўды зәрүр деп есаплайман;

— Нөкис қаласында аналар ҳәм балалардың ден саўлығын беккемлеў ушын жаңа типтеги балалар емлеўханасы менен туўыў үйин салыў;

— санатория типиндеги еки балалар бақшасын шөлкемлестириў;

— Семашко атындағы республикалық клиникада ҳәм «Ташкент минерал суўлары» санаториясында қарақалпақстанлы аналар менен балалардың ден саўлығын беккемлеў ушын турақлы пайдаланыўға айырым корпусларды ажыратыў;

— уйық-дузға бай ҳәм минерал дәрежелери мол жерде Қарақалпақстан АССРы қәнигелестирилген балалар санаторийин дүзиў;

— емлеў-профилактикалық мәкемелерди жеткиликли дәрежеде импортлық ҳәм ўатандарлық медицина аппаратлары менен үскенелеў;

— Санаат тийкарында балалар ушын арнаўлы азық-аўқатлық затларды ислеп шығарыўды шөлкемлестириў ҳәм саўда тараўы арқалы оны 5 жасқа дейинги балаларға бийпул таратып бериў;

— стационарлық емлеўде болып атырған үш жасқа дейинги балаларға қараў ушын ўақытша мийнетке жарамсызлық қағазларын (бюллетеньлерди) тийисли дәрежеде төлеў мәселесин қойыў.

— Қарақалпақстан АССРының барлық балалар бақшаларын, мектеплердеги асханаларын, емлеў-профилактикалық кәрханаларын суўды санаатлық тийкарда душшылатыўшы үскенелер менен тәмийинлеў.

— Нөкис қаласында жалғыз баслылар ҳәм күтә қартайған адамлар ушын арнаўлы жай салыў;

— физикалық ҳәм ақыл таманынан раўажланыўдан артта қалған балалар ушын мектеп-интернат шөлкемлестириў;

—семьялық врач практикасын енгизиў;

Семьялық балалар бақшалары менен балалар үйлерин практикаға енгизиў;

— Экологиялық зыянлы өндирис кәрханаларының жумысларын қадағалаў;

— Пүткил Орта Азия бойынша санаат ҳәм аўыл хожалығы өндирисин пайдаланыўдан кейинги суўлары ҳәм шығындыларын дәрьялар менен каналларға ағызыўды қыстаўлы ҳәм толық түрде тоқтатыў мәселесин қойыў;

— Округ территориясын абаданластырыў ҳәм канализация жүргизиў мәселелерин шешиў;

— округтиң территориясында балалар ойнайтуғын ҳәм спорт-саламатлық майданшалары менен комплекслерин салыў;

— округ территориясында саўда ҳәм турмыс хызметин көрсетиў ушын жаңа пунктлерин шөлкемлестириў;

— Округтиң территориясындағы үй ҳәм кварталлық комитетлерге семьялық-халық үрип-әдетлерин, салтанатларын ҳәм байрамларын өткериў ушын жай салыўға жәрдем бериў.

Егер депутат болып сайлансам жоқарыдағы мәселелердиң шешилиўине өз үлесимди қосаман ҳәм өз сайлаўшыларымның үмитин ақлайман деп исенемен.

ИСЕНИМГЕ ЕРИСИП, ТАБЫСЛАРДЫ БЕККЕМЛЕЙИК



Жәриялылық процессиниң барған сайын кеңейип барыўы мийнеткешлердиң, газета оқыўшыларының елимизде, автономиялы республикамызда болып атырған ўақыялардан өз ўақтында хабардар болыўын, оларға анализ жасап, тийисли баҳа бериўин тәмийинлементе. ҚҚАССР Ишки ислер министри, милиция, генерал-майоры Н. Б. Криворучко менен болып өткен баспа сөз конференциясы да усы мақсетке хызмет етеди деп ойлаймыз.

1988 жылға салыстырғанда аўыр жынаят ислеў 7,6 процентке, улыўма жынаят ислеўшилик 1,6 процентке, орган хызметкерлериниң надурыс ҳәрекетлерине шағым, арзалар 42 процентке азайды. Өткен жылы «Арсенал» операциясы өткерилди. Оның нәтийжесинде 570 ҳәр қыйлы атыў қураллары жыйнап алынды. Жас өспиримлердиң жынаятшы элементлер тәсириндеги «Арлекино», «Ягуар» группалары сапластырылды. Нөкис қаласында жынайы қылмыс ислеў 4,5 процентке, зорлық ислеў 12 процентке, үйлерди тонаў 20,7 процентке, аўыр жарақат салыў 36,3 процентке кемейди.

Автономиялы республикамызда 996 нәшебентлер есапта турады. Қоңсылас Түркменстан ССР ының буларды шийки зат пенен тәмийинлеп туратуғын 9 группа қолға түсирилди. 80 адам жынаят жуўапкершилигине тартылды. 36 жерде көкнар егиў фактлери ашылды ҳәм жоқ етилди. Гагарин атындағы совхозда пахта плантациясы арасына егилген 1,5 гектар көкнар табылып , жоқ етилди.

Материаллық жуўапкершиликтеги адамлардың ислеген қылмысларын жасырыў ушын билқастан от бериў фактлери де ушырасады. Өткен жылы усындай өрттиң тоғызы ашылды. Әсиресе Маңғыттағы 822 мың манатлық товарлары бар дүканның ақшаға жалланған адамлар тәрепинен билқастан өртениўиниң ашылыўы айтарлықтай табыс болды. 401 саўда хызметкерлери кем өлшегени, артық ақша алғаны ушын жынаят жуўапкершилигине тартылды. 5 мың адам мәс ҳалында машиналар айдап киятырғанында, 3011 адам майда бийзарылығы ушын усланды.

Ерисилген табыслар менен бир қатарда милиция хызметкерлериниң жумысында елеўли кемшиликлер де бар. Өткен жылы тергеўшилер 283 жынаят исин аша алмады. Билқастан өлтириў факти 40 рет болды, ал тонаўшылық еки есеге көбейди. Тергеў жумысларының қамлығы 8.2 процентти қурады. Әлбетте бул кемшиликлерге жол қойылыўына тек ғана милиция айыплы емес. Бизде ықтыярлы халық дружиналары ислемейди. Ишки ислер министрлиги автономиялы республиканың барлық территориясы менен бир ўақытта байланыс жасап ҳәм қадағалап отыратуғын мүмкиншиликке ийе емес. Қалалық ишки ислер бөлими усы ўақытқа дейин өз жайына ийе емес. Транспорт пенен тәмийинлениў критиканы көтере алмайды. Кең жәмийетшиликтиң активлиги де усындай дәрежеде.

Есап бериў, сынға алыў бүгинги жәриялылық дәўиринде онша қыйын ис емес. Ал исти илимий қурыў, анализлеў, социологиялық изертлеўлер жүргизиў, кадрларды таңлаў ҳәм олардың ҳәр бириниң хызметине объектив баҳа бериў, солай етип табыслардың ўақытша емеслигине көз жеткериў бирқанша қоспалырақ.

Ж. НИЯЗОВ.



Беруний районындағы «Водник» поселкасындағы № 90 азық-аўқат дүканының қапталынан нан жабатуғын кишкене ғана цех ашылды. Ол жерде ҳәр күни қарыйдарлардың талабына ылайық миллий шөреклер жабылады. Бул исте сиз мына сүўретте көрип турған нан жабыўшы қызлардың бири Зәўре Маткаримова айрықша мийнети менен көзге түсип киятыр.

К. ОРАЗОВтың түсирген сүўрети.

«Сырласыў» клубы

Көзлер дүгискени болмаса

Туңғыш рет қолыма қәлем алып редакция есигин бир парақ хат арқалы ашып атырман. Бундағы тийкарғы мақсетим—өз ойымды ортаға салып оған оқыўшылар журтшылығының пикирин билип оннан итибарлы жуўмақ шығарыў, сондай-ақ, көптен күсеген әрманыма жетеменбе деген жақсы ниетлерим бар. Ақыры халық даналығында «жақсы нийет жолдасың болсын»—деп нәсият береди.

...Мен ойламаған жерде өзиме бийтаныс бир жигитти унатып қалдым. Кейин еситиўлериме қарағанда оның әкеси бала ўақтында қайтыс болған. Ал анасын жақында ғана мәңгилик сапарға узатып салды. Бирбиримизди көшелерде көрип көзлердиң дүгискени болмаса таныспа сөйлеспедик. Сол ушын оның басына түскен қайғысына сыртлай шерик болып мен де қыйналдым. Тилекке қарсы ол булардың бәринен бийхабар. Оған өзимди таныстырып сөз айтыўға халқымыз дәстүриндеги қатаң ҳәм нәзик жол яки намысым жол қоймады. Не ислеўим керек? Узақ ойлардан соң бар сырымды сүйикли газетама билдириўди мақул көрдим. Хатым баспа сөз бетинде жәрияланса өзи түсинип сөз айтар деген үмитим де жоқ емес. Ол жигит ҳәзир жигирма бес жаста, меннен алты жас үлкен, Шоманай районында турады. Менде сол районда жумыс ислеймен.

Бул хат арқалы газета оқыўшыларының баҳалы кеңеслерин тыңлағым келеди. Бәлким меники надурыс болар?! Мен не ислеўим керек? Сизлерди бир пәс инсан тәғдири ҳаққында ойланыўға мәжбүрлеп атырман, ғәнийимет ўақытларыңызға қыйналмаңызлар, себеби, сизлердиң ҳәр бириңиздиң тәрели пикириңизге мүтәжбен. Және... және тартыншақ минезим кесент етип атыр. Сол ушын атымды өзгертип жаздым.

Сәлем менен Гүлназ ӨТЕГЕНОВА
Шоманай қаласы.

Нәзик сезим

Ҳүрметли редакция, кеўил деги ғам, жүректеги дәртти бөлисип ойласатуғын бахтыма сизлер бар екенсиз.

...Досларым қатарлы мен де шаўқым-сүренли, ойынзаўыққа толы оқыўшылық дәўир менен хошласып жоқарғы оқыў орнына түстим. Муҳаббатсыз дүньяның өзи бос емес пе?

Ол болса Ташкенттеги медициналық институтқа оқыўға кирди. Хат арқалы хабарласып турдық, дем алыста талай күнлерди бирге өткерип мереке-мейлислерге барып көплеген дослар арттырдық. Сөйтип жүргенде ҳеш нәрсеге бергисиз бийбаҳа студентлик дәўир артта қалып, ол қалалық стомотология поликлиникасына жумысқа орналасты, арамыз жақынласқанына қуўана басладық. Күнлер өткенде негедур ол хабарсыз кетти. Ҳәпте..., ай.., еки ай... Тыпыршызлана басладым. «Үйленейин деп атыр» деген хабарды еситкенимде қуўанғанымды сыр тута алмайман. Себеби, ол тек мени «Әрманым» дер еди. Оның басқа да әрманы бар екенин қайдан билиппен?! Бәри керисинше болды...

Сонша жылғы күткеним, арзыў-әрманымның орынланбай үмитим пушқа шыққанына арым келди, өкиндим. Бул «қуўанышлы» хабарды оның жорасы күлип турып жеткерди. Қаншама қатал едиң сен? Қыз жүрегине үңилип, оны түсиниў дегенди ойыңа да алмадың? Уйқысыз түнлер өтип атыр, рухый азапқа қалдым, отырсам да, турсам да көз алдымнан опасыз яр кетежақ емес...

Еситиўимше, бизлерди айралыққа салған сол қыздың ата-анасы саўда хызметкери, ал өзи болса абыройлы жерлерде ислер екен. Оқыўға жаңа кирген гезимизде ол; «Мен адамларды емлесем, сиз оларға билим сырларын үйретесиз ,биз солай жасаймыз» ,— дер еди.

Ҳәммеси көрген түстей изсиз кетти ,енди билим сырларын үйретиўши менен емес, ал мол дүнья қуштары менен жасайтуғынына көзим жетпей отыр. Қайта айланып келетуғындай сеземен. Бирақ, ол алты жыл бирге жүрген Әрманының көзлериндеги жазықсыз, ашшы жасларды сүртиўге жарамады. Сонша жыл оның меҳрине, муҳаббатына бөленип жасаған маған түңилиўшиликтен басқа жолдас қалмады. Сонлықтан енди жасаўымның кереги жоқтай сезиледи. Өмир бойы өз исиңе өкинип атымды айтып өткейсең, себеби ким өзи жақсы көрген адамның өзге менен бахытлы болыўын қәлейди. Және көзлериме ериксиз жас толды. Артық жазыўға шыдамым жетпеди...

Сәлем менен ӘРМАН.

РЕДАКЦИЯДАН: Жасларымыздың түрли мазмундағы хатларының арасында жоқарыдағыдай хатлар да ушырасып турады. Өзлериниң өтиниши бойынша атларын өзгертип жиберип отырмыз. Жасайтуғын жери толық көрсетилмегени ушын газетаға жәрияламаўымызда мүмкин еди. Бирақ, екинши бир тәрепин есапқа алғанымыз мақул.

Заманласымыз Әрманның ҳәзирги усы қыйын аўҳалына сизлердиң жеке көз-қарасыңыз, айтатуғын пикирлериңиз бар шығар? Ол не ислеўи керек? Қәйткенде үмитсизликтен, қәўипли соңғы шешиминен қутыла алады? Мине усы тийкарда сиз, газета оқыўшыларының пикирлери арқалы оған ақыл-кеңес бериўди зәрүр деп таўып, дыққатыңызға усынып отырмыз. Хатларыңызды күтемиз, қәдирли дослар!

СӘТЛИ ШЫҚҚАН САБАҚЛЫҚ

Композитор Ғ. Аманиязов ҳәм музыка изертлеўшиси К. Өтегеновтың 3-классқа арналған «Қосық-музыка сабақлығы»на талқы.

Өткен жылы «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен жарық көрген қарақалпақ мектеплериниң 3-класына арналған қосық-музыка сабақлығы оның авторлары тәрепинен бир қанша сәтли дүзилген. Бул сабақлықтың қунлылығы ҳәм бурынғы бизде шығып жүрген қосық сабақлықларынан өзгешелиги: оқыўшыларға музыка сырларын, қосық айтыўдың қағыйдаларын үйрениў усылларын избе-излик пенен бере билиўинде.

Биринши ден, қосық айтпастан алдын даўысты сазлаў, соңынан қосық айтыў, оны үйрениўдиң жоллары түрли теориялық ҳәм әмелий мысаллар менен көрсетип берилген.

Екиншиден, сабақлықта тыңлаўға тартылы шығармалар таңлап берилген болып, олар балалардың өзлестириўине қолайлы. Бул жағдайдың балалардың музыкаға қосыққа болған қызығыўшылығын арттырыўда үлкен тәсири бар.


Үшиншиден. Бул қосық сабақлығының тағы бир артықмашлығы, оның көркемлик жағынан безелиўинде болып табылады.

Бизди ойландырған бир нәрсе, сабақлықта бизиң миллий композитор ҳәм қосықшыларымыздан тек ғана Аңсатбай Хайратдинов жөнинде қысқаша мағлыўмат берилген болып, көбирек өзбек, рус ҳәм европа композиторларының творчествосы ҳаққында мағлыўматлар, және олардың шығармаларынан үлгилер берилген. Бизиң пикиримизше, сабақлық тийкарынан қарақалпақ мектеп оқыўшыларына арналғанлықтан миллий композиторларымыздың ҳәм қосықшыларымыздың творчествосы жөнинде көбирек берилгени орынлы болар еди. Себеби балаларымыз ең дәслеп өз халқының саз-сәўбетин, хош ҳаўаз ийелерин билип-үйренгени мақул. Бул пикирди келеси ўақытларда жаңа сабақлықлар дүзилгенде тийисли жолдаслар есапқа алар.

Жоқарыдағы азы-кем кемшиликлерди есапқа алмағанда, Ғ. Аманиязов ҳәм Қ. Өтегенов тәрепинен таярланған «Қосық-музыка сабақлығы» сәтли шыққан деп есаплаймыз. Әлбетте бул сабақлық оқыўшыларға музыка сырларын, қосық айтыўдың жолларын үйретиўде, оларды эстетикалық жақтан тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе қурал болып табылады.

Т. АДАМБАЕВА.
Көркем-өнертаныў илимлериниң кандидаты.

*



БУЛ ҚЫЗЫҚЛЫ

Генуяда болып өткен жүзиўши ҳәм ушыўшы қураллардың 29 ы халықаралық ярмаркасында «Поларис» жел берип ушыўшы кеме ҳәммениң дыққатын өзине аўдарды. Оның салмағы 200 килограмм болып, қанатын қосып есаплағанда 10 метрден аслам. Ушыўшы кеме суўға да, жерге де қоныў мүмкиншилигине ийе.

СҮЎРЕТТЕ; Кемениң пәрўаз алыў ўақты.

АНСА—ТАСС тың сүўрет хабары.

*

Роберт ШЕКЛИ

Қудиретли қурал

ФАНТАСТИКАЛЫҚ ГҮРРИҢ

Эдсельдиң ким болса да биреўди өлтиргиси келди. Оның Парк ҳәм Факсон менен усы өли шөлистанда ислеп атырғанына мине енди үш ҳәпте болады. Олар жолларында ушырасқан ҳәрбир қорғанды қазып көрди, бирақ ҳеш нәрсе таппады ҳәм оннан да арман кете берди. Марстың қысқа жазы сап болыўға шамаласып қалды. Күннен күнге суўығырақ бола баслады, жақсы заманларда да онша беккем болмаған Эдсельдиң нервлери күн сайын әззилеп бара берди. Келте бақай Факсонның болса ўақты хош — сол қуралды тапқаннан соң олар өзлери алатуғын бир төбе ақша ҳаққында әрман етеди, ал Парк болса мисли темирден соғылған адамдай үндеместен олардың соңынан сүйретилип киятыр ҳәм егер оған биреў бирнәрсе демесе бир аўыз сөз де айтпайды.

Эдсель зорға шыдап жүр. Олар тағы да бир қорғанды қазып көрди ҳәм тағы да жойытылып кеткен марслылардың қуралына усас ҳешнәрсе таба алмады. Суўға салып алған таза топтай болған қуяш шағырайып, адамның исениўи қыйын көк-көмбек аспанда ири-ири жулдызлар көринип тур. Эдсельдиң жыллы скафандрынан кешки аяз өте баслады, буўынбуўынын музлатып ҳәм булшық етлерин қурыстырып жиберди бул аяз.

Бирден Эдсельдиң Паркты өлтиргиси келип, бул нийет оны бийлеп алды. Үндемес бул адам Жерде олар шериклик аўызбиршиликти шөлкемлестирип атырған ўақыттан баслап оның кеўилине қонымсыз, жақпас ҳәм Эдсельдиң оны көрерге көзи жоқ еди. Бул сезим оның Факсонды писент етпеўшилик сезимине қарағанда анағурлым күшли де еди.

Эдсель тоқтады.

— Сен бизлердиң қаяққа барыўымыз кереклигин билесең бе? — деп ол ырылдаған жаман даўыс пенен Парктан сорады.

Парк тек ийинлерин қысты да қойды. Оның қансыз азғын жүзинен ҳеш нәрсениң белгиси көринбеди.

— Бизлер қаяққа баратырмыз, сеннен сорап турман? — деп Эдсель қайталады.

Парк және үндемей ийинлерин қысты.

Оның басына оқ, — деп уйғарды Эдсель ҳәм пистолетине қолын созды.

— Тоқтап тур, Эдсель, — деди Факсон жалбарынып, екеўиниң арасына түсип, қызбалыққа берилме. Егер бизлер қуралды тапсақ қаншама ақшаға ийе болатуғынымыз ҳаққында сен ойлап көр! — Бул пикирден киши... адамның көзлери шоқтай жарқырап кетти. — Эдсель, қурал усы дөгеректе. Мүмкин, ол мына қапталдағы қорғанда шығар.

Эдсель екиленип қалды, Паркқа тесирейип тигилди. Усы мәҳәлде оның дүньядағы барлық нәрселерден бетер өлтиргиси, тек өлтиргиси келер еди...

Ол ана жақта, Жерде, барлығының тап усындай боларын билгенде ме! Ол ўақытта барлығы күтә аңсат болып көринген еди. Оның қолында қағаз орамы бар еди, ал қағаз орамында... марслылардың әпсаналардағы қуралы салынып, жасырып қойылған орын ҳаққындағы мағлыўматлар. Парк марсша оқып билетуғын еди, ал Факсон экспедиция ушын ақша берди. Эдсель олардың тек Марсқа ушып барыўы ҳәм қурал сақланып турған орынға шекем бир неше адым жол басыў ғана керек, деп ойлап еди.

Усы мәҳәлге шекем Эдсель бир мәрте де Жерди тәрк еткен емес. Ол Марста буншама көп ўақыт даўамында болыўға, музлатып таслайтуғын самалда тоңыўға, ашырқаўға, дәмсиз концентратлар жеўге, байытқыш арқалы өтип келип турған сийрексиген жарлы ҳаўадан бәрҳәма басы айналып, қыйналыўға туўры келеди, деп сирә ойламаған еди. Эдсель ол ўақытлары Марстың қалың тоғайлықлары арқалы удайы илгерилеў керек болғанлықтан шыйқылдаған булшық етлердиң аўыратуғыны ҳаққында да ойламаған еди.

Ол тек ҳүкиметтиң, қәлеген ҳүкиметтиң, бул әпсанаға айланған қурал ушын қандай ҳақы төлейтуғыны ҳаққында ғана ойлады.

— Мени кешириңлер, — деди Эдсель, тосаттан бир нәрселерге ақыл жуўыртып, — мына жерлер мениң нервлериме тәсир етип атыр. Кешир, Парк, өзимди тута алмағаным ушын. Бунnан армағап басла бизлерди.

Парк үндемей басын ийзеди, ҳәм алға қарай кете берди. Факсон жеңил тартып суўық демин алды ҳәм Парктиң изинен кетти.

«Түбинде мен қәлеген ўақытта оларды өлтире аламан», — деп ойланды ишинен Эдсель.

Олар қорғанды кешке таман, Эдсельдиң шыдамы шегине жетейин-жетейин деп турған мәҳәлде тапты. Бул қағаз орамында жазылғанынан айнымайтуғын, гүжирейген, үлкен көлемге ийе болған ҳайран қаларлық бир имарат еди. Оның металл дийўалларына қонған шаң қалың қатламға айналған.

Олар қапыны тапты.

— Қәне, мен оны орнынан қозғайын, — деди Эдсель ҳәм пистолетин суўырып ала баслады.

Парк оны былай ысырды ҳәм өзи услағышты бурап қапыны ашты.

Олар Марс цивилизациясының қалдықлары — марслылардың әпсанаға айланған жарқыраған қураллары төбе-төбе болып жатырған күтә үлкен бөлмеге кирди.

Адамлар иркилип ҳәм үндемей ғана әтирапқа қарап турды. Олардың алдында излеўден ҳәмме әлле қашан бас тартқан байлық жатыр еди. Адам Марсқа келип түскен ўақыттан баслап бузылған уллы қалалардың карабаханалары пухталық пенен үйренип шығылды. Пүткил теғислик бойлап сындырылған машиналар, әскерий арбалар, әсбаблар, үскенелер жатырған болып, олардың барлығы Жердеги цивилизациядан нешше мыңлаған жылларға озып кеткен күтә-күтә қудиретли цивилизациядан дәрек берер еди. Избе-из еринбей үйренилген жазыўлар бул планетада мийримсиз қаталлық пенен бурқасынлаған урыслар ҳаққында хабар етти. Деген менен ол жазыўларда марслыларға не болғаны ҳаққында ҳеш нәрсе айтылмаған еди. Мине бир нешше мың жыллардан бери Марста бирде ақыл-ҳуўышлы мақлуқ болған емес, ҳәтте ҳайўанлар да қалмаған.

Марслылар қуралларын өзлери менен бирге алып кеткен сыяқлы еди.

Бул қурал ушын оның аўырлығына тең таза радий менен ҳақы төленетуғынын Эдсель билер еди. Оған тең келетуғыны пүткил дүньяда жоқ еди дә.

Олар ишкериге қарай бир неше адым атты. Эдсель қолына түскен бириншисин көтерди. 45-ши калибрли пистолетке усайды, тек оннан үлкенлеў. Ол ашық турған қапыға жақынлап барды ҳәм қуралды жақын жерде өсип турған қопаға қаратты.

— Атпа! — деп бақырды Факсон Эдсель гөзлеп атырғанда. Ол жарылып кетиўи мүмкин ямаса тағы сондай бирнәрсе. Бизлер мынаның барлығын сатқаннан соң оның менен қәнигелердиң шуғыллланғаны мақул.

Эдсель оқ жаздыратуғын тепкини басты. Кирер аўыздан жетпис бес табан жерде өсип турған қопа жарқ еткен қырмызы жалында ғайып болды.

— Жаман емес, — деп қойды Эдсель, пистолетти алақаны менен сыйпады ҳәм оны орнына қойып гезектеги қуралды қолына алды.

— Болар енди, Эдсель, — деди Факсон жалбарыныў, — бул жерде сынаўдың ҳеш мәниси жоқ. Атом реакциясын пайда етиўи мүмкин ямаса тағы да сондай бир нәрсе.

— Өш, — деп жекиринди Эдсель жаңа пистолеттиң оқ жаздырыў механизмин көрип атырып.

— Енди атпа, — деп Факсон сораныўды даўам етти. Ол жәрдем излеп Паркқа жалбарыныў менен қарады, бирақ ол үндемей Эдсельге қарап тур еди.

— Ахыры усы манда жатырған нәрселерден биреўи, мүмкин марслылар тухымын тутасы менен құртып жиберген шығар. Сен тағы быламақты былғай жақсаң, — деди Факсон сөзин даўам етип.

Эдсель тағы да атты ҳәм алыста бир бөлек шөлистанның ерип атырғанына рәҳәтленип қарап турды.

— Жақсы нәрсе! — Ол сыртқы пишини узын ҳасаға усаған тағы бир нәрсени көтерип алды. Енди ол суўықты сезбес еди. Эдсель усы жылтыраўық нәрселер менен әўере болып ойнағанлықтан кеўли күтә көтериңки, шад та еди.

— Жыйналатуғын ўақыт болды, — деди Факсон қапыға қарай жүрип.

— Жыйналыў? Қаяққа? — деп әсте сорады Эдсель. Ол алақанға қолайлы болып жайғасатуғын қыйсық услағышы бар жарқыраған әсбапты көтерди.

— Кейинге, космопортқа, — деди Факсон, — үйге, бизлер ислемекши болғанымыздай-ақ барлық мына қурал-сайманларды сатыўға-дә. Бизлер буларға қәлеген күн талап ете аламыз, деп исенемен. Бундай қурал ушын қәлеген ҳүкимет миллионлар береди.

— Ал мен басқаша ойлап турман, — деди ойлы түрде Эдсель сөзлерин созып, көз қыйығы менен ол Парктың да сыртынан бақлап турды. Ол төбе-төбе болып үйилип атырған қураллардың арасында жүр, бирақ ҳеш нәрсеге тиймейди.

— Берман қарасаң-ә, жигит, — деди Факсон ызалы түрде Эдсельдиң көзлерине шегирейип қарап, — қалай да экспедицияны ақша менен тәмийинлеген мен боламан. Бизлер мына дәскелерди сатпақшы едик-ғо. Ақыр мениң де ҳақым бар... Айтпақшы яқ, мен басқа нәрсе демекши едим... — Еле сынап көрилмеген пистолет тикке оның қарнына гезелген еди. — Сен нени ойластырып турсаң? — деп гүбирленди ол жалтыраған әжептәўир нәрсеге қарамаўға тырысып.

— Мен ҳеш нәрсени сатажақ емеспен, — деп дағазалады Эдсель. Ол булардың екеўин де көриў ушын дийўалға сүйенип тур.

— Ақыр мениң өзим де бул затларды пайдалана аламан-ғо. — Ол еки шеригин бақлағанын қоймай кеңнен мыйық тартып күлди.

— Үй бетте мен өзимниң жигитлериме қуралды *бөлистиремен. Бул қураллар менен бизлер Түслик Америкадағы қандай болмасын* бир ҳүкиметти ап-аңсат аўдарамыз ҳәм ол жерде қәлегенимизше қаламыз.

— Әй, яқшы, — деди Факсон әлпең даўыс пенен өзине қаратылған пистолеттен көз алмай. — Тек мен бул иске қатнасыўды қәлемеймен. Мени оған қатнасады деп ойлама.

— Мейли, айтқаның болсын, — деп жуўап берди Эдсель.

— Сен тек ҳеш нәрсени ойлама, мениң бул ҳаққында былшылдайын деген нийетим жоқ, — деди Факсон тез-тез сөйлеп. — Мен олай ислемеймен. Тек мениң атқым ҳәм өлтиргим келмейди. Соның ушын мен жақсысы кете берейин.

(Даўамы бар).

Өңирине өңир-моншақ, сәўкеле таққан қарақалпақтың еки арыўы сахнаға шықты. Олар жилўа наз бенен аяқ ойып ойнай баслағаннан ақ тамашагөйлердиң кеўли толып, ықлас пенен қарар еди. Мине бул жас талант ийелери кимлер? Олар арыў демекши пайтахтымыздағы № 5 мәдений үйиндеги «Арыўлар» аяқ ойыншы қызлар ансамблиниң қатнасыўшылары Зәмийра Бекмуратова менен Лиза Ибрагимовалар еди. Искусство дүньясына жаңа қәдем қойып, тамашагөйлерге таныла киятырған Зәмийра менен Лизаға талантыңыз тасқынлай берсин деп тилек билдиремиз.



СҮЎРЕТТЕ: З. Бекмуратова ҳәм Л. Ибрагимовалар сахнада ойын ўақтында.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўрети.

«Жас Ленинши»ниң оқыўшыларына

Егер сиз айырым себеплер менен быйылғы жыл ушын газетамызға жазыла алмай қалған болсаңыз, еле де кеш емес. Үстимиздеги айдың 25 не шекем жазылсаңыз, келеси айдың биринен баслап газета үйиңизге барады.

«Союзпечать» ҳәм байланыс бөлимлеринде «Жас Ленинши» ге иркинишсиз жазылыўға болады. Газета киоскаларға усақлап сатыўға шығарылмайтуғынлығын және бир мәрте еслетип өтемиз. Газета индекси; 64612.

Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 511, ИНДЕКС 64612. Тиражы 28415 РК 30134.